



KISA PITIT OU A PRAL APRANN?



Jadendanfan

2019-2020

Kijan mwen ka ede pitit mwen nan kay la ?

Aprantisaj pa fini nan salklas la. Timoun bezwen èd ak sipò nan kay la pou yo reyisi nan etid yo. Eseye kreye yon kote trankil pou pitit ou a etidye chak jou pou zanmi, frè ak sè, oubyen lòt distraksyon pa entèwonp li. Ou ka jwe yon wòl enpòtan nan kay la, nan etabli gwo atant e sipòte pitit ou a nan satisfè bezwen li. Ou dwe tou eseye chita avèk pitit ou a omwen yon fwa pa semèn pou 15 a 30 minit pandan li ap fè devwa l. Sa ap kenbe w enfòm sou kisa pitit ou a ap travay. Lè w fè ti pa sa yo, w ap ede pitit ou a jwenn siksè nan toude, anndan ak deyò salklas la.

- Fè lekti pou pitit ou a chak jou, liv tankou "Are You My Mother" P.D. Eastman oubyen "Green Eggs" ak "Ham" Dtè. Seuss ekri. Mande pitit ou a pou l eksplike pati li pi renmen nan istwa a. Pataje pwòp ide w. Pou w jwenn plis liv pou pitit ou a li, vizite <http://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/families>
- Ankouraje pitit ou a pale sou jounen lekòl li. Kenbe papye, makè, oubyen krayon nan kay la pou pitit ou a ekri lèt oubyen mo oubyen desine yon foto sou jounen li. Fè pitit ou a dekri foto a pou ou.
- Jwe jwèt mo tankou "Spy," chante chan tankou "Itsy Bitsy Spider," e fè rim komik ansanm.

Enfòmasyon PTA bay:



Atant Pou Nivo Ane Eskolè a

Aprann nouvo ladrès langaj se yon espesyalite ofisyèl nan jadendanfan. Pitit ou pral aprann alfabè a ak wòl li nan lekti. Pitit ou a pral pratike rim, mache mo ki kòmanse avèk menm son, e melanje son pou tounen mo. Pratike avèk kalite aktivite sa yo se yon gwo etap nan direksyon pou l aprann li e eple kòrèkteman. Kantite vokabilè pitit ou a se yon faktè kle nan abilite pou l li oubyen konprann liv ak istwa. Pitit ou a pral kòmanse fè eksperyans ak ekri e yo pral ankouraje l pou l sèvi ak yon konbinezon desen, dikte, e ekri lèt pou l pataje enfòmasyon, ide, ak santiman.

Yon egzant sou Kisa Pitit Ou a Pral Travay nan Jadendanfan

- Site lèt majiskil ak miniskil, mache lèt sa yo avèk son yo, e ekri yo
- Konpare avanti ak eksperyans karaktè nan istwa ki familye, tankou fab ak istwa
- Rakonte istwa ki familye pou yo ankò e pale sou istwa yo li pou yo nan sèvi ak detay nan tèks la
- Sèvi ak yon konbinezon desine, dikte, e ekri pou dekri yon evènman, ki gen ladan reyaksyon li nan sa ki pase a
- Eksprime yon opinyon alekri oubyen preferans sou yon sijè oubyen yon liv (egzanp, "Liv prefere mwen se...")
- Patisipe nan konvèsasyon nan salklas la e suiv règleman diskisyon an (egzanp, aprann koute lòt moun e tann tou pa l pou l pale)
- Pale klèman pou eksprime panse, santiman, ide, ki gen ladan deskripsyon moun ki familye pou li, plas, objè, ak evènman
- Poze e reponn kesyon sou detay kle nan istwa oubyen lòt enfòmasyon yo li awotwaw
- Konprann e sèvi ak mo pou poze kesyon (egzanp, kiyès, kisa, ki kote, poukisa, kijan) nan diskisyon
- Aprann rekonèt, eple e sèvi kòrèkteman, ak ti mo gramatikal byen ki kenbe lang nan ansanm (egzanp "the, to, of, from, I, is, are") (la/an, pou, de, mwen, se)

Resous Distri a

Sit Entènèt Sou Redaksyon/Lekti

Kat Travay LAFS



Kreye Mo



Sekans Istwa



Kontinye ak Fonetik



Eleman Istwa



Eleman Redaksyon



Lyen Dijital

iReady: <http://www.dadeschools.net/students.asp>

C-Palms: <http://www.cpalms.org/Public/>

Achieve the Core: <http://achievethecore.org/>

myON Reader: <https://www.myon.com/login/>

TumbleBook Library: <http://asp.tumblebooks.com/home.aspx>

Reading Rockets Phonics:

<http://www.readingrockets.org/teaching/reading101/phonics>

